

Leson 3: Travay Sali ak Ekzaltasyon an

Ou kapab ansenye leson sa a konplètman oubyen separe l an segman ki pi kout. Adapte leson an selon sikonstans lokal ou epi selon bezwen, laj, ak konpreyansyon prezidans kowòm oubyen prezidans klas ou a.

TRAVAY YON PREZIDANS KOWÒM OUBYEN YON PREZIDANS KLAS

Envite manm prezidans yo pou yo li ansanm *Manyèl Enstriksyon Jeneral la: Sèvi nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo, 1.2* ([ChurchofJesusChrist.org](https://www.churchofjesuschrist.org)), epi envite yo pou yo chèche travay Senyè a aple yo pou yo akonpli a. Poukisa travay sa a enpòtan? Kisa nou déjà ap fè ki ap pèmèt objektif sa yo akonpli? Ki bi nou ka fikse oubyen modifie pou nou ka rive akonpli objektif sa yo pi byen?

ANGAJE MANM KOWÒM YO OUBYEN MANM KLAS YO NAN TRAVAY LA

Mande manm prezidans yo pou yo revize sa yo te diskite ak planifye antanke prezidans. (Ou ta gen dwa mande yo pou yo revize [kalandriye reyinyon prezidans la](#), ansanm ak plan yo prepare pou sèvis ak aktivite yo.) Apresa poze kesyon tankou sa yo:

- Kijan nou déjà konsantre n sou travay sali ak ekzaltasyon an?
- Ki kote nou ka amelyore?

Envite prezidans lan pou yo diskite sou fason yo kapab ede manm kowòm oubyen manm klas yo a patisipe pi konplètman nan travay sali ak ekzaltasyon an. Kesyon tankou sa k ap vini la yo ta kapab diskite pa prezidans lan oubyen pa kowòm nan oubyen klas la:

- Kòman nou youn kapab ede lòt viv levanjil Jezikri a pi byen?
- Kisa nou kapab fè pou pran swen moun ki nan bezwen yo?
- Kòman nou kapab ede tout moun santi ke yo envite epi yo byenveni pou vin patisipe avèk nou?
- Kòman nou kapab ankouraje yo pou yo patisipe nan travay istwa familyal ak travay tanp?

(Gade lòt kesyon ki posib nan seksyon “Fè Konsèy Ansanm” nan, nan chak lesон nan [Vini, Suiv Mwen—Pou Kowòm Prètriz Aawon ak Klas Jènfi yo](#).

RESOUS POU SIPÒ

- Manyèl Enstriksyon Jeneral, [chapit 1](#)
- “[Responsabilite Jèn yo nan travay sali a](#)” vidéyo
- Carol F. McConkie, “[Vini pou Sèvi yon kòz ki jis](#),” Ensign oubyen Lyahona, Nov. 2015, 12–14
- [Efezyen 4:11–13; Mowoni 10:32; Moyiz 1:39](#)